Нобэ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я хуитыныгъэр ягъэлъапIэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛIАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№161 (21.569) ● 2009 гъэм шыщхьэIум (августым) и 26, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Нобэ, шыщхьэIум и 26-м, Абхъаз Республикэм Щхьэхунтыныгъэ щигъэзэта махуэр ягъэлъапIэ. Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и Унафэкlэ Апсны мрэ Осетие Ипщэмрэ къэрал щхьэхуит зэрыхъуэр нэгъабэ къаты тауэгъэ щыгъащ. А махуэ гъапIэм теухуащ ныщхьэбэ сыхьэт 18-м Налшык Абхъазым и цIэр зезыхьэ утым щекIуэкIыну гуфIэгъуэ зэхьыхьэр.

Абы кърагъэблагъэ республикэм и къалащхьэм, районхэмрэ къуажэхэмрэ щыщу зэIущIэ гуапэм хэтыну хуей псори.

Пэкlуэ кьыдэрагъэпэщ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэзыгъэуlу советым, Абхъазым и щхьэхунтыныгъэм щIэзэуа ди щIалэхэм я Союзым, «Абхъаз зауэм и ветеранхэр» республикэ жылагъуэ организацэм.

Зэхьыхьэшхуэм политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр хэтынущ, ди къэфакIуэ, уэрэджыкIакIуэ цIэрыIуэхэм зыкъыщагъэтьагъуэнущ, бзэржьей щыщыныгъэ къэс зэхашэ «Адыгэ джэгум» дихьэхъэм зэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьынущ. Апхуэдэу пэкlуэ кърихьэлIэнущ нэгъуэщI къэралхэм кьикIа хэщIэхэри.

Аращи, ныщхьэбэ сыхьэт 18-м зэхашэну пэкlу щхьэпэм зревгъэхьэлIэ, абы хуагъэхьэзыра Iуэху дахэхэм фыхэт, фи нэгу зевгъэужь.

● ЗэIущIэхэр

Процент 83-м щIигъукIэ

Шыщхьэ1ум и 21-м зэхэтащ «КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэ» Ассоциацэм (АСМО) и Правленэм и зэIущIэ. Ар ирагъэкIуэнIащ абы и гъэзэщIакIуэ унафэщI Маслов Николай.

ЗЭХЫХЬЭМ щыIэпкърахащ республикэм и жылагъуэхэм псэуфIэр кьыщыIэзэныгъэпэщ Iэнатlэхэр 2009-2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ гъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзыр щIыкIэр.

КъБР-м Промышленностымкlэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствомкlэ и министр **Абрэдж Iэдиб** и докладым кьыIэзэрыщIыгъэгъуэмкlэ, лэжьыгъэ лоэн зэрауфыхьуам тету йокIуэкI. Республикэ бюджетым кьыхэкIыну мы гъэм а Iуэхум сом мелуани 131,5-рэ хуэхьнущ. АбыкIэ зи пIалъэрикIа псы кIуаниIэу километр 77-рэ, хьэкуу 41-рэ, насосу 21-рэ, хуабэ гуэшыпIэу километри 8,4-рэ, хуабэкIэ кьыIэзэныгъэпэщ Iэмэпсымэхэр зэрыгъэужьынущ, котельни 6 зыхуей хуагъэхэнущ. Нобэ ирихьэлIэу кьуажэхэм сом мелуан 62-м щIигъу и уасэ ремонт лэжьыгъэ щIэзэфIагъэкIащ. ХьэкущIэу 27-рэ, насосу 19 ягъэуващ, хуабэ гуэшыпIэу километри 2-м щIигъу, псы кIуаниIэу километр 54-м нэблагъэ зэрахъуэкIащ.

- ЩIыпIэ псоми а лэжьыгъэхэр зэуIуу щрагъэкIуэкIыркъым. Къащтащ, Май, Шэрдж, Шэджэм районхэм псыр зэрикIуэ бжьамийхэр хъужьынныр, нэгъуэщI куейхэми хуабэкIэ кьыIэзэныгъэпэщ Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыжьынныр кIыхьлIыхь щохъу. АбыкIэ жэуаптакIуэхэм яхуэдгъэуващ лэжьыгъэ псори фIагъ хэлъу и пIалъэм зэфIагъэкIыну, - жиIащ министрым.

Абрэдж Iэдиб кьыIэзэрыхигъэщамкlэ, республикэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэхэр гъэпсыныгъуэ лъэхъэнэм процент 83,6-кIэ хуэхьэзырщ.

«ЖКХ-м щекIуэкI зэхъуэкIныныгъэхэр дэIыгъныпмкlэ фондым и Iуэхуфа» федеральнэ законыр гъэзэщIа зэрыхъуэ и гугъу щищIым министрым кьигъэлъэгъуащ мы гъэм а Iуэхум сом мелуан 340-рэ зэрыхуэхахынр. АбыкIэ республикэм и цIыху 13585-м я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэнущ.

КъыкIэлъыкIуэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «ЯмыгъэIэпхъуэ мылъкум и Къэрал кадастрым и Iуэхукlэ» 2007 гъэм бадзэуагъуэм и 24-м кьащта Федеральнэ законыр республикэм зэрыщагъэзэащI щIыкIэм.

«ЩIымкlэ кадастр палатэ» ФГУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Недугов Александр** кьыIэрыхигъэщамкlэ, илъэс зыгIу и пэкlэ мы Iуэхум зэIуимыбз куэд хэлъащ. Къащтэмэ, Урысейм и щIыналъэхэм ямыгъэIэпхъуэ мылъкыр учет зэрыщащыIэр ар зыбгъэдэлъыр зэрыщатх щIыкIэмрэ зэпэщIэхъуэт. Апхуэдэ щытыкIэм ямыгъэIэпхъуэ мылъкум и рынокым зэрызримыгъэужьынныр къалъытэри, 2007 гъэм къащтащ псэуалъэхэри, ухуэныгъэхэри, щIы Iыхьэхэри зы хабзэм тету учет зэращI щIыкIэр эIуунэгI закон.

- 2008 гъэм и дыгъэгъазэм УФ-м и Президентым кьыдигъэкIащ «Кадастрымрэ картографиемрэ зытхыну федеральнэ Iуэхуфа» кьыIэзэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» Указ. Абы и пэкlэ кадастрым ехьэлIа лэжьыгъэхэр нэгъуэщI норматив тхыльхъэм ябгъ ирикIэ ягъэзащIэрт. Иджы щытыкIэм зихьэжащ, нэхъапэм Iуэхум хэлъа щыщIэныгъэхэр дгъэзэжьынкащ, - кьыгъэлъэгъуащ кьэпсэлъам, - Нобэ ирихьэлIэу учетым дгъэуващ гектар 800 200-рэ хъу щIы Iыхьэу 213 773-рэ. ЩIыхьэм къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыфIу ягъуэтын, кадастр учет зэращI пIалъэр дгъэмащIэн мурадкIэ, щIыналъэхэм я органхэм дазэрыдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм и проект дгъэхьэзыращ. Абы ипкъ иткIэ, республикэм и пащхьэ районхэм ямыгъэIэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастр кьыщыIэзэгъэпэщыным пыщIа Iуэхугъуэхэр едгъэкIуэкIынущ.

«КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухьэныгъэ» Ассоциацэм и Правленэм хэтхэр **Недугов Александр** и докладым арэзы техьащ. Зэ1ущIэм щагъэбелджыдащ «Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкум и Къэрал кадастрым и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым щыуБзыухахэр гъэзэщIэным хуэунэтIащ дяпэкlэ кьапэщытхэр.

Апхуэдэу зэхьыхьэм щыхэпIащ 2010 гъэм Ассоциацэм хэтхэм ятыну взносхэр зыхуэдизынымрэ ахэр кьызэрыхахынкlэ Iмэрэ, къалэ округхэм, муниципальнэ районхэм я администрацIэхэм папщIэ мурад хэзам тещIыхьауэ мы гъэм щхьэхуэу ягъэувыну взносыр зыхуэдизынум, АСМО-м и гъэзэщIакIуэ директор етIуанэ мазихьэм зэрылэжьэнум и планым кIи абыхьэм теухуа унафэ къащтащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Уянаев Казым,** экономикэ зыужьынныгъэмрэ сатумкlэ министр **Мусуков Алий,** финансхэмкlэ министрым и къуэдзэ**Калабеков Азэмэт,** ямыгъэIэпхъуэ мылъкуфIэ ящыщым и Федеральнэ агентствэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Iыдыжэ Хьэбдуг-Сэлам,** къыдэкIа, районым, къуажэ администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр.

ТЕКIУЖЬ Зареть.

КъБР–м Статистикэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Гъащтэ Аурикэ

Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьынныгъэмкlэ и министр Набиуллин Эльмир и унафэм ипкъ иткIэ, Къэрал статистикэмкlэ федеральнэ кьулыкъым и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIыналъэ Iуэхуфа1пIэм и унафэщIу Гъащтэ Аурикэ Абдул и пхъур ягъэуващ.



ГъАЩТЭ Аурикэ Абдул и пхъум 1982 гъэм «бухгалтер учет» Iэщlагъэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиуахащ икIи абы кьыщыщIэдзаурэ КъБР-м Статистикэмкlэ и къэрал комитетым щолажь. 1996 гъэ1ъандэрэ Къэрал статистикэмкlэ федеральнэ кьулыкъым и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIыналъэ Iуэхуфа1пIэм и унафэщым и къуэдзэщ. КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхыльрэ «2002 гъэм щIыхьхэр кьыхэтхьыныркьызэгъэпэщыным кьыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ» медалрэ кьыхуагъэфэщащ.

ЩIхьэгъуэ, бынитI иIэщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуфа1пIэ.

Япэ дыдэу

Налшык - Мэзкуу - Берлин гъэзэгуанэр автомашинэкlэ зэпызычынухэр ежьащ. Урысейм и автошкол нэхъыфIу 10-м ящыщу абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль еджапIэм и ныбжьыщIэ командэр.

МЫ ДУНЕЙПСО Iуэхугъуэр Урысейм и автомобиль школхэм я ассоциацэм кьыIэрIуэпэщащ советыдзэр Германием зэрыщыIам теухуа выставкэр Берлин кьыщыIэзIуахым ирихьэлIэу. Ди лIыкIуэхэм республикэм и тепIэр кьыIэрыщ сурэт, фэепIэ хьэпшыпхэр музейм тыгъэ хуащIынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр дыгъуасэ ежьащ.Ахэр зыдэкIыну къапэщыIэ къаза 12-м Хэку зауэшхэм и ветеранхэм щаIущIэнущ.

Iуэгуанэ теува Сэмэгу Тимуррэ Бэджий Зауррэ РЮАСШ-м и гъэсэнщ, Воронеж щекIуэкIа ныбжьыщIэхэм я гъэмахуэ чемпионатым щытекIуахэщ. А ехъулIэныгъэрщ дунейпсо автопробегым япэ дыдэу хэтыну ди щIалэхэм Iэмал кьезытар. Абыхэм я гъусэщ автошколым и унафэщI Балъкъэр Раисэрэ я тренерымрэ.

КIУЖ Инэ.



ЩIэпхъаджагъэм хохьуэ

Шэшэн Республикэм и Шалиркуейм хьыхь Мескер-Юрт къуажэм дыгъуасэ сыхьэт 11-м кьыщыхьуа щIэпхъаджагъэм милицым и лэжьакIуэщI хэкIуэдащ.

Машинэр ирагъэтхъэщIыну кьэувыIа милицэ гупым зыгуэр къабгъэдыхьэри, зыкъыгъэузжащ. КьыззыщIэкIамкlэ, абы и щыгъын лъабжьэм лагъымыр щигъэпщкIуауэ арат.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, блэкIа тхьэмахуэм Шэшэн Республикэм щыIа апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэм хэкIуэдащ милицэм и лэжьакIуэ гуп.

ФIым щогуГъ

Урысеймрэ Монголиемрэ зэкъуэту уран кьыщIахыну зэгурыIуэныгъэхэр зэращIыпIэ.



- Уран кьыщIэхыным, абы елэжьыным, адэкIэ кьэгъэсэбэпыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэм Iэ тыдодэ. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу къэралитIым зэдащIэфыну политикэ Iуэхухэм мыр я пэщIэдзэ хъуну. Iуэху нэхъыщхьэ дыдэхэр мы илъэсыр и кIэм нэсыху зэфIэдгъэкIыфыну кьысщохъу, - жиIащ «Росатом» къэрал корпорацэм и унафэщI Кириенкэ Сергей.

Кириенкэм пыухыкIауэ кьыхигъэщакъым мы Iуэхум сыт хуэдизмы мылъку хуаутIыпщынуми, ауэ доллар мелуан щэ бжьыгъэхэм утепсэлъыхь хъуну кьыщIэкIынущ.

МафIэсыр мэуЖьыхьыж

Махуэ зыбжанэ хьуауэ яхуэмыгъэувыIэ мафIэсыр Аныджым и къалащхьэ Афинэм лъэIэсакъым.

Вэсэмахуэ Аныджым и мэзхэм псы тонн мин 14-м щIигъу тракIащ, ауэ абыкIи яхуэгъэункIыфIыну кьыщIэкIынтэкъым жьапщэр нэхъ кIащхъэ мыхьуатэмэ. МахуипIым къриубыдэу мафIэм эзхихьащ мэз гектар мин бжьыгъэхэр, мы Iуэхум фэбжь хэзыха цIыхухэри мащIэкъым.



◎Шахтерхэм я махуэщ
◎Илъэс и пэкlэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Абхъаз Республикэмрэ Осетие Ипщэмрэ хамэ унафэм щIэмыт щIыналъэ щхьэхуиту къызэрагъэльытам Iэ щIидзащ.
◎ЩIыщхьэIум и 26-29-хэм Мэзкуу щекIуэкIынущ «Инновацэмкlэ инвестицэмкlэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэр».
◎1798 гъэм ЕсэнтIыгу кьалэр кьыззрагъэпэщащ. Ар Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ.
◎Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикьэ 21-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакъикьэ 55-м.
◎Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакъикьэ 35-рэ.

Iэпэлъапэм зыгъэхьэзырыр КЪАНЫКЪУЭ Анфисэм.

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

ЩыIэкIей кIуэдыжыкIейщ.

● Гу зылъытапхъэ

Израилыр нэхъ гъунэгъу мэхъу

Зэманым и нащэнэщIэхэм ящыщIу дуней псом щызэбгрыдза адыгэхэр ди Iуэхукlэ, ди гупсысэхэмкlэ зэрыщIэ дыдэрыхьуар. Хэкум кьинахэр кьуэпсе быдэхэмкlэ пщыIа мэхъу Къуэкlыпlэ Тыркуем, Европэм и къралхэм, США-м щыпсэу адыгэхэм.

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУХЭМ псэупIэ яхуэхъуа къэралхэм ящыщI Израиляри. Ди газетым зэрытетащи, а щIыпIэ жьыжьэм щыщхьэIум и пэщIэдэхэм щекIуэкIащ Адыгэ фестиваль. Абы ирагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ лIыкIуэхэр. Ахэр Израильм и адыгэ къуажэхэу Рихьэнирэ Кфар Камэрэ зэрыщыIам, а къэралым и нэгъуэщI къалэхэм щалъэгъуам, адыгэ щэнхабзэ зэрыхэсыщхуэм зэрыхэтамрэ ди къуэш ди щыпхъухэм щахуэзам щыгъуэ я псэм щыщIа гурылъ-гурыщIэхэмрэ теухуащ нобэрей кьыдэкIыгъуэм и 2-3-нэ нэхъ ныбжьыщIэхэм я гъусэ. Ди гуапэу а тхыгъэхэр фи пащхьэ идолъхьэ.

● Прохладнэ куей

Гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу

Гъэ еджэгъуэщIэм и пэ махуэм ди республикэм и къуажэ зыбжанэм курыт еджапIэ-щIэхэр кьыщыIэуахынущ. Абыхэм ящыщи Прохладнэ къалэр, Бахьсенкэ, Бабугент къуажэхэр.

ПРОХЛАДНЭ къалэм щаухуа 8-нэ курыт школым мы зэманым лэжьыгъэ цIыкIуфжIуэхэр иращIылIэжу аращ.

И пэм щыщIэдзауэ ухуэныгъэ езыгъэжьэкIа «Аврора» уухуакIуэ фирмэм и къалэныр дагъуэншэу икIи и чэзум къкрихьэлIащ.

Сабий 640-рэ зыщIэхуэну еджапIэр иджырей мардэхэм тету яухуащ. Иджыпсту уухуакIуэхэм къахуэнэжар школым и ЩупIапIэрщи, ар епIэщIэкIыу зэрахъэ, фокIадэм и 1-м псори хьэзыру зэратыным хуэдиз. Щыху 700-м нэс зэкIуалIэу щыта еджапIэжьым сменитIу щIыхуэр щызэблэкIырт. Ар егъэджакIуэхэми адэ-анэхэми къатехьэлъэрт. ЩIэуэ яуха школым апхуэдэ зэхуэмыхьыныгъэхэр щIэнуекым: класэ щыщ, хуитщ. Аха псори иджырей Iэмэпсымэхэмрэ унэлъащIэхэмкlэ кьыззрагъэпэщынущ. Абы егъэджакIуэхэм Iэмал кьаритынущ щIэм тету лэжьэну.

ШЭРЭДЖ Днэ.

Псэр зыгъэпIейтей фащэ

● ТхьэтъыщIэ

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и жэрдэмкlэ Котляровхэ Марием Викторрэ я тхыль тедзапIэм кьыщыдэкIащ Хьэщыкlу Мадинэ и IэдакъэщIэкI лъэпкъ фащэхэр зэрыт альбом. Абы ихуа сурэтхэр тригъащ икIи кьыдэкIыгъуэр екIуу зэхихьэуващ Щоджэн Жаннэ.

АДЫГЭ ФАЩЭР зыльэгъуауэ ар зигу иримыхьа щыIэу фIэщщыгъуейщ. Зэман жьыжьэм хамэ къэралхэм кьикIыу Кавказым кьэкIуауэ щыта щIэныгъэлIхэр, зыплъыхьакIуэхэр апхуэдизкlэ абы дихьэхати, я тхыгъэхэми кьыщагъэльэгъуэжащ ди лъэпкъ фащэм и тепIэр. Апхуэдэу щэрыIуэ хьуауэ щыта адыгэ фащэм псынщIэу зызыхьэжь зэманым ижь кьыщIихуащ: хуэ-хуэмрэ абы и пIэ иващ европей щыгъыныр. Фащэр лъэпкъ ансамблым хэтхэр утыку кьыззэрихьэ щыгъын хьуащ. Пэжщ, иужьрей зэманхэм хьэгъуэлIыгъуэхэм ушрохьэлIэ нысащIэмрэ щауэмрэ ди лъэпкъ фащэ дахэр ящыгъыу. Ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэ щапхьэхэр кIуэ пэтми нэхьыбэ мэхъу.

Адыгэ фащэр кьыдэхьыжьынымкlэ, абы хуэфащэ увыпIэ егъэгъуэтыжьынымкlэ Хьэщыкlу Мадинэ лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI. Абы и IэдакъэщIэкIэр мызэ-мытIэу дунейпсо утыку щигъэльэгъуащ. Апхуэдэу ар лъэпкъ фащэхэм я VI дунейпсо зэпеуэм зэхащIа икIи «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щыгъын нэхьыфI» унэтIыныныгъэмкlэ лауреат хьуащ.

Хьэщыкlу и фащэхэр ящыгъщ «Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъэр», «Бжьамий», «Хьэтхэр» ансамблхэм я артистхэм. Абы кьыщынэмыщIауэ Мадинэ ядолажьэ гъунэгъу республикэхэм я лъэпкъ къэфакIуэ гупхэми.

Иджыпсту альбомым щыгъуаз ди щыхуиущыр Хьэщыкlу Мадинэ и лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ. Абы щыщ дэтхэнэми унгъэгуфIэу, псэр игъэпIейтейуэ, гушхуэныгъэ кьыпхихьэху апхуэдэщ. Мы фащэхэм кьыуагъащIэ ар зей лъэпкъым тхыдэ кьулейрэ хабзэ дахэр зэриIэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Мы махуэхэм республикэм жыджэру зыщыхуагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэ гъэлъэпIэным. Абы ипкъ иткIэ, фокIадэм и 1-м Налшык къалэ щекIуэкIынущ гуфIэгъуэ зэхьыхьэ ящIэныгъуэн куэд.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыщхьэIум и 31-м сыхьэт 12-м КъБР-м и Президент Къаночкъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэ зэгухьэныгъэ яритынущ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм лэжьыгъэфI кьыщызыгъэльэгъуахэм икIи махуэ лъапIэмкlэ щIыхуэхэм ехьэхъунущ. А махуэ дыдэм сыхьэт 15-м Лъэпкъ музейм Сурэтыщ Iуэхуджэмкlэ музейм къыщызэIуахынущ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» зыфIаща гъэльэгъуэныгъэ иныр.

ФокIадэм и 1-м сыхьэт 11-м Налшык Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм и «ЩIыкъым и мафIэ мыужьыкъ» фэепIльымрэ Къэбэрдей Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щирикъум и щIэр зезыхьэ утымрэ (сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 45-м) удз гъэгъахэр щагъэтIылъынущ.

Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу цIыху куэд зыщыгуфIыкIын тыгъэщ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIыщокъуэ Алим и фэепIльыр абы и щIэр зезыхьэ уэрамым, Налшык къалэ администрацIэм и гупэм зэрыщагъэувар. Ар кьызэрызэIуах пэкlу абдеж щекIуэкIынущ фокIадэм и 1-м сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 45-м.

Махуэшхуэм и щIыкIэ фокIадэм и 1-м екIуэкIыну Iуэхугъуэхэм щыщу къалэдэсхэм я дежкlэ щIэщыгъуэ хъунущ «Мэзкуу - Налшык 2009» зыфIаща автомото зыкъэзгъэлъагъуэныгъэр. Абы щIидзэнущ сыхьэт 13-м.

А махуэ дыдэм «Гъагъэ, уэрэд жьIэ, си республикэ дахэ!» зыфIащауэ тепIэ зиIэ зэхьыхьэшхуэ щызэхэтынущ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и гупэ утми. Абдеж апхуэдэу щагъэлъэгъунущ лъэпкъ шхыныгъуэхэмкlэ, уа гъэгъа зэмылIэужьыгъуэхэмкlэ выставкэхэр.

Гъэ еджэгъуэщIэмрэ КъБР-м и къэралыгъуэмрэ иращIэкI гуфIэгъуэхэр кьыззщIиубыдэу, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэм кьззригъэпэщауэ Долинск щыIэ Театр Щхьэунтlэм щекIуэкIынущ «Си къалэ, си республикэ, си Урысей» зыфIаща махуэшхуэ. Абы щIидзэнущ сыхьэт 12-м.

«Восток» кинотеатрым и гупэ утым шэджагъуэ нэужьым зыкъыщагъэльэгъунущ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я хорымрэ духовой оркестрымрэ.

Пщыхьэщхьэм сыхьэт 17-м щIидзэу Абхъазым и утым щызэхэтынущ щалэгъуалэм папщIэ «Насып кьалэр ар уэрэщ, ФIыуэ слъагъу си Налшык» зыфIаща тепIэгъэгъу. Зэгурыуэм и утым, КъБР-м и Правительствэм и Унэ гупэм, эстрадэ уэрэджыкIакIуэхэм я концертшхуэ щекIуэкIынущ. Абы щIидзэнущ сыхьэт 19-м икIи махуэшхуэм и щIыхькIэ хьэрэкIытIэ зэмыфэгъуэхэр ягъэльэтэнущ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Мэкъумэш продукцэм хохьуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Статистикэмкlэ и управленэм кьызэритамкlэ, 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм щыналъэм мэкъумэш продукцэм и къэралым 3,5-рэ я уасэ кьыщIигъэкIащ.***

РЕСПЛИКЭМ и мэкъумэшщIэхэм гъатхэсэм процент 21-кIэ, фощыпIу жэгундэм - 22-кIэ, кIэрIоФым - 21-кIэ хагъэхьащ. Хозяйствэхэм Iэщыщхуэу мин 200-м нэблагъэ яIэщ, абыхэм я нэхъыхэр жэм къащIикIи икIи ину ину дэтхэнэми щэ килограмм 1300-рэ къаташ.

Гъэсакlуэхэр зэпоуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и сабий садым и гъэсакlуэхэм я щIэр къэзгъныным хуэунэтIауэ щIыналъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм хэтыцхуэм я гъэфтэрэхэр кьыдахащ.***

- РЕСПУБЛИКЭМ и Президентым и саугъэтым щIэбэныщущ гъэсакlуэу 91-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр Мейкъуаупэ, Куэщхьэбгъэ, Тохьутэмыкъуэй районхэм щыщщ. Жюрим хэтщ щIыналъэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэу 18. Абыхэм кьыхахыныщ гъэсакlуэ нэхъыфIу 66-рэ. Текlуахэм сом мин щищ-щищ иратынущ, - щыжаIащ Адыгейм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэм.

Лъэбакъуэщ1э

АБХЪАЗ. ***Ермэлыкъ и тыкуэнхэм Абхъазым и «Амца» аджиж щащIэ щIадзащ, абы щыгъуэми къэралитIым сатуэкономикэ зэгурыIуэныгъэ яIэщIи.***

АБХЪАЗЫМ ермэлыкъэр щопсу икIи политологхэм зэрыжаIэмкlэ, Армением абхъаз продукцэ ящэн зэрыщIадзам къеГъэльагъуэ къэралитIым я зэпыщIэныгъэм зыужьынныгъэ зэригъуэтынум.

ХЬЭщыкlуЕйлег.

Кфар Камэрэ Рихьэниерэ дэсхэм анэдэлъхубзэр

• Жылагъуэ Іуэху

*Шыцхьэіум и 4-м къыщыщІэдзауэ тхъэмахуэхЇ Израилым щыхъэщІащ КъэбэрдейБалькъэрым щыщ лЫкЫуэ гуп. Абы хэтащ КъБР-м хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Пащты Борис, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыщіэ Мухьэмэд, «Пэрыт» жылагъуэ зэгуэхэныгъэм и тхъэмадэ, «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщІ Іутіыж Мэжид, КъБР-м, КъШР-м щыхь зиІэ я артистхэу, уэрэджыІакІуэ щІэрыІуэхэу Шэрджэс Іэсиятрэ Ташло Алийрэ, Аэрэ ирагъэблэгъащ Израилым щыІэ Рихьэниер адыгэ къуажэм щекІуэкІа Адыгэ фестивалым. Адэжь щыналъэм икІа лЫкІуэхэр а щэнхабзэ Іуэхугъуэ дахэм зэрыхэтамрэ хамэ къэралым щалъэгъуаэхэмкІэ кьыддэгущІэмэ тРІэиГъуэу, дэ зыхъуэдгъэзащ гупым хэтахэм ящыщ Іутіыж Мэжид.

ІУТІЫЖ Мэжид:

Къытхуащі гулъытэм хэпщІыкІыу хохъуэ


Рихьэние къуажэр.


Кфар Камэ и мэжджытыр.


Адэшхуэмрэ къуэрылъхумрэ.
Кфар Камэ, 2009 гъэ, шыщхьэІу мазэ.

- Мэжид, мы гъэмахуэм Израилым фыкІуэным сыт щІэдзапІэ хуэхъуар? Узыхэта гупым хыхьэнухэр дауэ къыззрыхахар?

- Ямэ дыдэ ирагъэблагъар сэрауэ жыпІэ хъунущ. ЗэрыфщІэжщи, нэгъабэ Израилым кьикІри ди щыпІэм зыгъэпсэуакІуэ, нэмэгегъэужьакІуэ къэкІуауэ щытащ абы щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я Іуэхухэмкіэ и министр Пащты Борис, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыщіэ Мухьэмэд, «Пэрыт» жылагъуэ зэгуэхэныгъэм и тхъэмадэ, «Адыгэ унэ» хэтри нэгъуэщІ щхьэусыгъуэхэмкІэ къэнащ. Итіани абы и мыхьэнэр нэхъ лъахъшэ зыхуакъым, дахэуи екІуэкІащ. Абы хэтащ Рихьэниерэ Кфар Камэрэ я кьэфакІуэ, джэгуакІуэ гупхэр, Галилее Ипщэм и Іэшэлъашэм щыпсэу жылэхэм, нэгъуэщІхэми кьикІа лЫкІуэхэр. Зэ хьихьэм гулъытэшхуэ кьыхуащІащ Израилым и къэрал унафэщІхэм. Псори зэхэту фестивалым цІыху мини 3-м щІигъу кьрихьэлІащ, епльащ.

Зэхьхьэм и утыку кьихьахэм ящыщу пщІэ хэха лЫкІуащІащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лЫкІуэхэм. Фестивалым кьекІуэлІахэм хуабжьу ягу ирихьащ ди уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Шэрджэс Іэсиятрэ Ташло Алийрэ я гъэсэныгъэ. Ауэ ар щыІэкІэ щыпсэу адыгэхэм я унафэщІхэм. Ауэ дэтхэнэ бзэри лъэщ зыщІыр ар гъащІэм, лэжьыгъэм кьыщыбгъэсэбэпмэщ, узэрыпсэун Іэмалу, Іэмэпсымэу кІуалыкъу кьыпхуищІэу щытмэщ. Апхуэдэ пщІэ ди бзэм Израилым щиІэкьым икІи щиІэнкІэ Іэмал иІэкьым. Араущи, бзэм и кьарум хуэмурэ хэщІурэ маКІуэ. Ар наІуэ кьысщащІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм. Кьапщтэмэ, а щыпІэм щыпсэу адыгэхэр адыгэбзэкІэ псалъэу жытІэ щхьэкІэ, а жьабзэм журтыбзэм, хьэрыпыбзэм я «жьауэ» тридзэу, я «фэм» ихьэу апхуэдэщ. Уеблэмрэ ди республикэм щхьэщІа си ныбжьэгъуэхэм абы щыгъуэ яІурылъа анэдэлъхубзэмрэ Израилым дыщыщыІам зэрыпсэльамрэ зэщхьэщыкІынытгъэ яІэщ. Анэдэлъхубзэм и Іуэхум набдзэгубдзаплъэу кІэльыплъ сэ апхуэдэу щІыжьысІэм лъабжьэ иІэщ. Итіани, сыт хуэдэ ныкъусанытгъэ мы Іуэхум хэлъми, Рихьэниерэ Кфар Камэрэ щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм пщІэ, гулъытэ щхьэхуэ кьалэжь, дауэ хьуми, ди адыгэ хабзэр, щэнхабзэр, адыгэбзэр зэрахъумэфым щхьэкІэ. Зи Хэку исыжу апхуэдэ лЫгъэ зыщыкъуэмыкІыр дапщэ? Дэ кьыхтэгъэкъэ зи бынхэм ящыщу анэбзэр зыІурымыльэ, уеблэмэ ар Іэмалынэщхуэ кьэзымылъытэ нэхъыжь куэд. Апхуэдэ щытыкІэхэр уэзыгъэпІейтейхэм ящыщ.

- Израилым щыІэ адыгэхэм я псэукІэр сыт хуэдэ тІэ? Ди щІэджыкІакІуэхэм яфІэхъэлэмэт хъунт абы теухуа хъыбархэр. Мэжид.

- Ди лъэпкъгъуэхэм я щыщкІэ-псэукІэр кьапщтэмэ, щыщыхьэщІа адыгэ кьуажэ Рихьэние егъэлеяуэ тепльэ дахэ иІэщ: абы дзэт узэгъэкІуэ, зэпэщІ, пщІэнтІэ кьэс хабзэ дыдэу зэльыухащ, машинэ псынщІэу тІу-щы зимыІэ бгъуэтыну кьыщІэкІынукъым. Унагъуэ кьэс жыг хадэ яІэщ, удз гъэгъахэр я псэуальэхэм кьегъэтІысэкІащ. Ауэ кьуажэм дэткъым зы унагъуэ псэущхьи. Джэдкъаз щызэрахуэ, Іэщ щагъэхъу фермэхэр псоми кьуажэ щыбзым щаІыгъщ. Ахэр тынщу абы-хэм макІуэ, зэрахьэ, кьабзэльабзэу я гъэ кьэокІуэлІэж. Цыху миным щигъу зыдэс Рихьэние псоми щызэрыцІыхуу жыпІэ хьунущ. Ахэр хабзэм кьызэригъэувым хуэдэу я зэхущытщ, нэхъыжь-нэхъыщІэ, цыхухьу-бзылъхугъэ жыхуэтІэхэм яку ильын хуей нэмысыр яІыгъщ.

Кьуажэм и гъуэгу псори, льэс льагъуэхэри хиубыдэу, асфальтщ е плиткэщ. Ахэр захуэ дыдэщ, дертынтщэ. Машинэ псынщІэхэм нэмыщІ абыхэм кьыщажьых зы цыху фІэкІа зэрымыхуэ, гъэсэныпІхъэншэу, аккъум уляторкІэ зекІуэ машинэ цІыкІухэм. Абыхэм унэгуащэхэр, нанэ цыкІуэхэр тыкуэнхэм ирокІуэ, нэгъуэщІ я кьуажэ Іуэхуэхэр ирыззэфІагъэкІ. Кьуажэр зэрыщыту гъущІ куэбжэ зыхэль сэреишхуэкІэ кьэхуэхьащи, хамэ льэпкъ дыхьэркъым, пльырым имыщІэу. Дауи, гукъеуэ гуэр зимыІэ щыІэкъым, ауэ, адрей къэралгъэ ди лъэпкъэгъуэхэм еплытІтмэ, Израилым щыІэ адыгэхэр тыншу, кьызыхуэтынщІу мэпсэу.

- А щыпІэм щыпльэгъуахэм ящыщу иджыри сытхэр уигу нэхь кьина? Сыт хуэдэу фыкьрагъэжьэжа бысымхэр?

- Израилым дызэрыщыІа тхъэмахуэм кьриубыдэу дэ щыпІэ куэдым нэгузэгъэужьакІуэ дашащ, цыху льэлэмэт куэдым дахуэзащ. Я гуапэу дэ кьыдэпсэльащ адыгэ кьуажэхэм я тхъэмадэхэр. Аэрэ икІи а жьлэхэм я Адыгэ хасэхэм я пашэщ. ДэнэкІэ дыкІуами, Кавказым, Къэбэрдейм дызэрикІар кьызэращІэу, кьыгъэщІ гулъытэм хэпщІыкІыу хэхьэрт. Дыщыіащ Израилым и кьалэхэу Иерусалим, Тиберие, Хьайфэ, зздгъэльэгъуащ Щыкурытыхымрэ тёнджыз Тиберриэ, Тивериад гуэлыр, нэгъуэщІхэри.

Гуапагъэрэ Іэфыгъэкіэ кьытпежьа икІи апхуэдэ дыдэу дызыгъэхьэщІа ди лъэпкъэгъуэхэм ягу дыпымыкІыу дыкьрагъэжьэжащ. Нэхъыбэрэ дызэхуэзэмэ, лъэпкъыуитІми ди гуапэу, дызэбгрыкІыжащ.

- Уипсэу. Мэжид. Израилым щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я тхуэхуэмрэ кьытхуэпІуэта хъыбархэр куэдым зэрафІэхьэлэмэтынум щэч хэлъкъым.

Епсэлъар
КЪАРДЭН Маритэщ.

• Министрым и псалъэ

Лъэпкъ зыужьыныгъэм ухуешэ

**КъБР-м Хьыбарегъащ Іэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ялэлажьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм гъжьыгъэ куэд зэфІэгъэкІ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэмрэ хэхуэжьыу кьыниахэмрэ якУ дэль зэпыщІэныгъэхэр гъэбелджыныкІэ, А чэтІыныгъэр зи шпрыльгъ кьудамэ кьыщыхуэпсэущи, Іэнатіэм, абыкІэ программэ щхьэхуэм дубыдыхуэ щыІуэ, Иджыблагъэ Израилым и адыгэ кьуажэ Рихьэние щекІуэкІа Адыгэ фестивалым дыдэрыхьатари ди лъжьигъэм зезгъэужь Іуэхугъэущ. Апхуэдэ зэхуэдэхэм ди лъэпкъ зэпыщІэныгъэхэр нэхъри ягъэбелджІ, щІы хъурейм щызэбгрыдза адыгэхэр лъэпкъыцо мыхьэнэ зиІэ Іуэху дахэхэм дыхуэпщІеигъэІуэ.

ИДЖЫРИ кьэс дэ нэхъыбэу дызыпыщІауэ щытар Тыркум, Сирием, Иорданиемрэ США-м щыпсэу адыгэхэрат. Ильэс зыбжанэ льандэрэ абыхэм кьахьыхьащ Израилым щыІэхэри. Ди лъэпкъым щыщ дЫкІуэхэр, щэнхабзэ лъжьакІуэхэр абы зэ-тІу щыІащ. А къэралым кьикІри нэгъабэ ди республикэм щыхьэщІащ кьэфакІуэ ныбжьыщІэ гуп. Абыхэм ди щІыналъэм и щыпІэ дахэхэм я нэгу зыщІрагъэужьащ, цІыху хьэлэмэтхэм яхуэзащ, концерт дахэхэр Налшыкри республикэм и нэгъуэщІ куейхэмри щатащ. Абы щыгъуэм едгъжьа зэпыщІэныгъэхэм, зэпсэльныгъэхэм кьыпызыщІу жыпІэ хьунущ Рихьэние щызэхаша адыгэгуфІагъуэр.

Израилым дызэрыщыІа тхъэмахуэм щыщу дэтхэнэ махуэри кьэхъукьащІэ хьэлэмэтхэмкІэ гъэнщІауэ, зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ, псальэмакъ купщІафІэхэмкІэ бейуэ щытащ. Дэ дагущІащ къэралым, дыщыхьэщІа щыпІэм я унафэщІ зэхуэмыдэхэм. Апхуэдэхэт, псальэм папщІэ, Израилым къэралыгъэ кІуэщІ Іуэхуэхэмкіэ, щыналъэ зыужьынигъэмкІэ, льэпкъ ІуэхуэхэмкІэ я министрхэм, ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу кьуажэхэр зыхихьыбдэ Галилее Ипщэ щыналъэм и Іэтащхьэм. Иерусалим кьалэм и унафэщІым, Кфар Камэрэ Рихьэниерэ я Іэтащхьэм (ахэр икІи а жьлэхэм кьыщызэрагъэпэща Адыгэ хасэхэм я тхъэмадэщ), езы кьуажэдэхэм дазэрыуэзаэр.

А зэІущІэхэм ящыщ дэтхэнэ ми абыхэм хэта лъэныкъуитІым я дежкІи мыхьэнэзэщхуэ яІащ. Къэбэрдей-Балькъэрым икІа гупым хэтхэр щыгъуэзэ дыхьащ хамэ къэралыр щхьэгъэзэщІэ зыхъуэхуэ ди кьушхэм я псэукІэ-щыІэкІэм. Урысей Федерацэм кьэзыІа республикэм и нобэрей гъащІэр, 90 гъэхэм екІуэкІа зэхуэхьІныгъэхэм яужькІэ ди кІалэр зэпІэзэрыт щытыкІэм зэрыхуэкІуэжьр, мамырыгъэ политикэ уэзщІа зэрыщекІуэкІыр, кьэралри республикэри зыужьыныгъэм и гъуэгум дызэрытетыр зыхуэтІуэта бысымхэм - Израилым и къэралыр ямыщІ - Израилым и къэрал къулыкъущІэхэми, адыгэ зэгуфхэныгъэхэм я тхъэмадэхэми, ди лъэпкъэгъуэми - дэ нэхъри нэхъ гъэнэгъуэ дыкъащІыхуащ, ди гупсысэкІэхэмрэ Іуэху еплыкІэхэмкІэ дызэдэгуэшащ.

Дызыхэта зэІущІэхэм псоми зы хьэлэмэтагъэхэслъэгъуащ. Адыгэхэм хуабжьу кьахуэарэзыщІ ахэр зыхэс кІэралым и унафэщІхэр, абыхэм жылагъуэми пщІэ лъагэ, лЫгъэныгъащІэ. ЖаІа псалъэхэм нэмыщІ, абы щыхьэт текІуэ Іуэхугъуэхэри кьагъэнэхуащ дызыхуэза журтхэм. Израилым Іэпхъуэ ди лъэпкъэгъуэхэм я хьэл-щэнщ зыхуэдэр кьащІа нэужь, журт фІэкІа зыхамыгъэхьэу щыта я кІэралыдзэм кьащтэу хуэежащ адыгэхэри. А зы щапхъэм кьегъэльагъуэ адыгэ лъэпкъым хэль лЫгъэр, зэфІэкІыр хамэ къэралым кьызэрыщалытэр, абыхэм я дзыхь ирагъэзу, пщІэ кьыхуащІу хуиту я щІыпІэм зэрыщагъэпсэур.

Апхуэдэу фІыщІэ яхуэфащэщ Израилым и къэрал унафэщІхэм, ди лъэпкъ машІэм кьыхьэкІыу а щІыпІэм хэхэс щыхьэуа адыгэхэм я бзэр, хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр курыт школхэм щаджыну хуитныгъэ зэрыратам щхьэкІэ. Абыи кьегъэльагъуэ ди лъэпкъэгъуэхэм я пщІэр. Адыгэбзэр зы Іурылъыр Кфар Камэрэ Рихьэниерэ дэс ихьыжьхэм я закъуэжьым, ар ягъэбзэрабзэ ныбжьыщІэхэми сабийхэми.

Зи бзэр зымыгъэкІуэдыж, абы хуэфащэн гулъытэ хуэзыщІ дэтхэнэ щІыхуми пщІэ хэха хуэфащэщ. Апхуэдэущи Израилым щыпсэу адыгэхэр. Лъэпкъ хабзэм тетыным, щэнхабзэр хъумэнми, нэхъри егъэфІэкІуэнми абыхэм мыхьэнэщхуэ зэрыратым и щыхьэщІ дызыхэта фестивалым и кьызэгъэпэщыкІамрэ ар зэрекІуэкІа щыкІэмрэ. Къэралым и щІыпІэ зыбжанэм кьикІа хьэщІэхэр, кьэралыгъэ унафэщІхэрабы кьызэрелъагъами кьигъэльэгъуащ адыгэхэм, абыхэм я хабзэм ящыщ щыналъэм щигъуэт увыпІэр.

Лъэпкъым щыщ зы щІыналъэ и хьэл-щэнымкІэ лъэпкъпсо напэр, нэмысыр хъума щыхьэуа, кьыщІыхьлъхьыни кьохьу. Израилым щыпсэу адыгэхэр ди нэмысыр зыІэт, зыгъэльапІэ цІыхуэхэу зэрыщытыр иджыри зэ наІуэ тщыхьуащ Иерусалим и унафэщІым дыщыхуэзам щыгъуэ. Кьалэ унафэщІым псалъэ дахэ куэд яхуэжиІащ Іуэхукіэ зрихьэлІа адыгэхэм. Абы и мызакъуэу зэ псалъэ гуапэхэмкІэ зыкьытхунгъэщащ а кьалэ унафэщІым и анэм. Абы зэрыжиІамкІэ, адыгэ бзылъхугъэ зыбжанэ и ныбжьэгъу дыдэхэщ икІи абыхэм ядилъагъу щэнфІагъымрэ Іэдэбагъымрэ лъэпкъ хьэлэ, адыгэ зыІыгъыкІэу зэрыщытым шэч кьытрихьэркъым. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэри хуабжьу гуапэ тщыхьуащ а кьэралым щыхьэщІа гуфІэгъэ хэтахэм.

Израилым, абы и адыгэ кьуажэхэу Рихьэниер Кфар Камэрэ, и кьалэ зыбжанэм дызэрыщыІам дуней псом щыІэ адыгэхэр адэкІэ дызэрыздэлажьэнымрэ теухуа гупсысэхэр дигу кьигъэкІащ. Псальэм папщІэ, ди гугъэщ ди зэпыщІэныгъэхэр сызыгъэфІэжІуэн Іуэхугъэхэр ильэс кьэс зэ кьетхьакъэну. Дауи, а Іуэхуэхэм жыдэжру хэтынущ лъэпкъ жылагъуэ зэгуэныгъэхэр, хамэщІ щыпсэуауэ ди щІыпІэм кьзыгъэзэжа адыгэхэр, ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу кьэралхэм я лЫкІуэхэр.

Мыпхуэдэ Іуэхуэхэм лъэпкъым и дежкІэ ихьхыщхьэ дыдэу хэльыр зыщ: адэжьхэм щІэину кьытхуагъэна анэдэлъхубзэр хъумэныр, ар егъэфІэкІуэныр, абы зегъэужьныр. Абы кьыкІэльокІуэ ди лъэпкъ тхыдэр тщІэныр, дижьныр, щэнхабзэ дахэр, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ, адрей лъэпкъхэм дакъыхэзыгъэщхьэхуКІ нэщэнхэр мыгъэКІуэдыжыныр. А псоми мыхьэнэщхуэ иІэщ дызыхьхьэ Урысей Федерацэмэ дыщыпсэу ди Къэбэрдей-Балькъэрми зауэжьыщІэ, дэтхэнэ лъэпкъ цІыкІуми езым хуэфащэ увыпІэ ди кьаралышхэм щигъуэтыныжьмкІэ, абыхэм ящыщ куэдым я хэжьыр псэупІэ яхуэхъужьыным.

ПАЩТЫ Борис,
КъБР-м хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр.

• Артистым и псалъэ

Тхьэм къихъумэ

Израилым щызэрыкІуа тхъэмахуэр куэдрэ сигу илъынущ. Сэ а къэралым япэу сыкІуауэ арати, хуабжьу сфІэхъэлэмэта Іуэхугъуэ зыбжанэм сригъэлІащ. Абыхэмкіэ садэгуэшэнщ «Адыгэ псалъэм» и щІэджыкІакІуэхэм. Абы и пэ къыхуэу фІыщІэ ин яхуэсщІыну сыхуэйщ апхуэдэ Іэмал къыддэзыту, ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу а щыпІэ жыжьэр Шэрджэс Іэсиятрэ сэрэ дэзыгъэлъэгъуэу, абы щыІэ щыху хьэлэмэтхэм дахуэзыгъэза, дезыгъэпсэльэ Іутіыж Мэжидрэ Хьэфіыщіэ Мухьэмэдрэ. Лъэпкъым папщІэ ІуэхуфІхэр зэфІэхыу куэдрэ Тхьэм къихъуэхэ.

ДЫЗДЭЩЫІА Адыгэ фестивалым и гугъу пщІымэ, хъыбарыр кьыщІэдзапхъэщ бысымхэр кьызэрытІущІа щыкІэмкІэ. Ди къуэшхэм егъэлеяуэ кьытхуэгуапэу дызыхуэй-дызыхуэфІ псомкІи дыкьызэрагъэпэщащ, ди ягу зрагъэужьащ. Щыху мин бжыгъэ кьызэкІуэлІа фестивалым нэхъыбэу щагъэльэгъуар адыгэ кьафэ зэмылІэужьыгъуэхэрщ. Іэсиятрэ сэрэт уэрэджыІакІуэу ирихьэлІар. А гуфІэгъуэр езыр хуэлэмэтыщІу кьызэІуахащ. Пасэрей хабзэхэр уи нэгу кьыщІагъэувэжу, утыкум кьихьащ адыгэ шу гуп, фащэ хужьхэр кьащІылыдыкІыу. Абыхэм кьэгъэльэгъуащ ипэкІэ нысащІэр зэрагъэкІуасэу щытар кьызэхэщІ. Ташло Алийрэ Іэсиятрэ щІэрыІуэ. АдэкІэ адыгэ дыжэгу дахэ зэхаублэри, гуп зэхуэмыдэхэр кьихьэурэ я зэфІэкІхэр кьызэхуэсахэм я пащхьэ щагъэльэгъуащ.

Дэ утыкум тІэунейрэ драшащ: зэ нэхъ икуэм дек, ижькІэ фестивалым и кІэуэхум нэхъ игъунэгъуу. Гуапащэу кьытІущІащ цІыхуэхэр. Абыхэм яжеСІащ Джыназ Нурбий и «Адыгэ джэгу», Тхъэбысым Умар и «Си кьуажэ» адыгэ уэрэдхэр. Шэрджэс Іэсиятри и макъ жьгъырымкІэ Къэбэрдейм, Хэкум, адыгагъэм ятеуху уэрэдхэм иригъэдІуащ. Ахэр уужьбжьу ягу ирихьащ кьыдэпльахэм, кьыдэдэІуахэм, абы и щІыхьэту, утыкум дыкьрамыгъэкІыжу куэдрэ Іэгу тхуэащ. Иужькіэ сэ яжеСІащ итальян уэрэдитІи. Ахэм ренэу гунэс ящІыхьауэ си гугъэщ.

ГуфІэгъэ зэхуэхъ нэужькІи цІыхухэм дахуэзащ, депсэлъэщ. Рихьэниерэ Кфар Камэрэ щыпсэу адыгэхэм жаІащ иджыри драгъэблэгъэну, концертхэм дыхагъэтыну, щхьэхуэу зыкъэдгъэлъагъэуну Іэмали кьытхуэрагъэпэщыну. Апхуэдэ зэхуэзэхэм дек, си фІэщ мэхъу, дэтхэнэ зы адыгэми и гум, и лъэпкъэгъум хуэгъэза хуабагъэм хохьуэ. Дэри арат. Ди псэм гуапагъэмрэ лъэпкъ лъагъуныгъэмрэ щыушэрт. ХамэщІ щыпсэу ди къуэшхэм, шыпхъухэм я нэгум исмагъэурэ абыхэм я гурэ я псэри адажь щыналъэмкІэ зэрыщыІэр, абы кьызэрыхуеІэр.

Гуапэ дыдэ сщыхъуащ нэгъуэщІ зы Іуэхугъуи. Сэ Тыркуми, Сириеми, Иорданиеми сыщыІащ, ауэ Израилым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм хуэдэу анэдэлъхубзэр зыхъумэфа зыщыпІи сыщрихьэлІакъым. Абыхэм яІурылъ бзэр нэхъыбэу зытехуэр адыгембзэращ, ауэ дэтхэнэ зы адыгэми уригурыІуэфынущ. ЛЫгъэ яІащ хамэ щІыналъэ щыпсэуэу апхуэдэ зэфІэкІ кьызыкъуэкІ ди лъэпкъэгъуэхэм. Тхьэм кьихьымэ.

ТАШЛО Алий,
КъБР-м, КъШР-м щыхьэ зиІэ я артист.

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ иригъэблэгъащ Иерусалим кьалэм и унафэщІ Баракат Рон *(сэмэгумкІэ кьыщыщІэдзауэ елланэщ).*

Шэрджэс Іэсият

Ташло Алий

●Сказано об адыгах

Черкесская самобытность

Многие иорданские черкесы в основном говорят на арабском и почти не говорят на языке адыгов. С другой стороны, важное значение имеет адыгэ хабзэ.

Ситуация с черкесами в еврейском государстве другая. Их идентичность представляет собой очаровательный пример того, что кто-то называет «первоначальная идентичность». Трудно провести грань между их национальной и культурной идентичностью. Гражданская и религиозная идентичность явно вторичны и зависимы от их этнонациональной идентичности. Израильские черкесы видят себя полными и лояльными израильскими гражданами, но это в значительной степени результат отношения обмена между ними и государством, что дает им возможность остаться обособленной группой. Их служба в армии, например, не создает никакого напряжения или конфликта с их национальной идентичностью или их религиозной принадлежностью. Так выглядит привычная черкесская позиция: «Мы лояльны, преданы Израилю, а черкесы в Сирии, например, должны быть преданы стране, в которой они живут. Преданность - главная обязанность, так же, как и ценность адыгэ хабзэ. Что же касается конфликта между арабами и евреями, то это конфликт между семитскими двоюродными братьями, и нас это не касается, нас - людей из европейской части Кавказа».

Хен БРАМ,
израильский политолог.

ЯIурылъу къалъхц, ЯIурылъу мэпсэу, ЯIурылъу дунейм йохыж

